# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–29 मई 2024** **भोजपुरी समाचार**

प्रदेस में सातवां अउर आखिरी फेरा क लोकसभा चुनाव बदे चलि रहल चुनाव परचार अभियान में राजनीतिक दल आपन ताकति झोंकि दिहले हवें। येहि क्रम में आजु सीनियर भाजपा नेता अउर केन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह क चारि गो रैली अउर एगो रोड–सो के सथहीं व्यस्त दिन रहल। महराजगंज में अपने पहला रैली के संबोधित करत श्री शाह दावा कइलें कि भाजपा के खाली पांच फेरा के चुनाव में तीनि सौ से बेसी सीट मिली अउर छठवां अउर सातवां फेरा के बाद पारटी के चार सौ से बेसी सीट मिली। एकरे अलावां उहां के देउरिया, बलिया अउर सोनभद्र में रैलियन के संबोधित कइलीं। उहां के गाजीपुर में एगो रोड–सो में सामिलो भइलीं। ओहर भाजपा के सीनियर नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु कुशीनगर, सलेमपुर, गोरखपुर अउर बासगांव लोकसभा क्षेत्र में कइ गो जनसभा के संबोधित कइलें। सथहीं उहां के गोरखपुर में संझा पांच बजे सदर सांसद ओम्मेदवार के समरथन में रोड–सो में सामिलो भइलीं। बांसगांव और कुशीनगर में एगो राजनीतिक रैली के संबोधित करत श्री योगी कहलें कि खाली भाजपे देस के सीमा क सुरक्षा कइले में सक्षम हौ। पछिला दस बरिस में हमहन के बदलत भारत के देखले हईं।

भारत दुनिया में एगो नया पहिचान बना रहल हौं। दुनिया में जो त कउनों संकट आवे ला त दुनिया भारत की ओरि देखे ला। राष्ट्रीय शोषित समाज पारटी क नेता अउर पूर्व मंत्री स्वामी प्रसाद मौर्यो कुशीनगर में परचार कइलें। उहां के आपन नवका बनल पारटी के चुनाव चिन्ह पर येह सीटि से चुनाव लड़ि रहल हईं। दुसरका ओरि समाजवादी पारटी क अध्यक्ष अखिलेश यादव दुद्धी विधानसभा क्षेत्र में पारटी ओम्मेदवार खातिर चुनाव परचार कइलें, जहवां चुनाव क येह आखिरी फेरा में उपचुनाव होखे के हौ। बाद में उहां के रॉबर्टसगंज, अउर मिर्जापुर क्षेत्रन में रैलियन के संबोधित कइलीं। श्री यादव कहलें कि अब हम लोगि दिल्ली क सरकार बनावे जा रहल हईं, जेकरे बाद माता अउर बहिनि के एक लाख रूपिया दिहले के सथहीं अग्निवीर योजना के खतम कइल जाई।

**********

प्रदेस में सतवां फेरा क तेरह लोकसभा सीटिनि पर होखे वाला चुनाव में मतदान प्रतिसत के बढ़ावे बदे मतदाता जागरूकता कार्यक्रमन क आयोजन कइल जा रहल हौ। येह कार्यक्रम के जरिया से आम लोगिन से जियादे से जियादे मतदान करे क अपीलि कइल जा रहल हौ। येही क्रम में आजु बनारस में नई सुबह एक उम्मीद संस्था की ओरि से ककरमत्ता वार्ड में मतदाजा जागरूकता रैली निकारल गइल। येह मोका पर संस्था प्रमुख कहलें कि मजबूत लांकतंत्र बनावे बदे मतदान जरूरी हौ। ई हर नागरिक क दायित्व हौ कि ऊ येह प्रक्रिया में हिस्सा लें। हमार एक–एक ओट से हमार बर्तमान अउर भविस्य निस्चित होला।

ओहर, चंदौली के लाल बहादुर शास्त्री स्नातकोत्तर महाविद्यालय मुगलसराय में केंद्रीय संचार ब्यूरो क्षेत्रीय कार्यालय, वाराणसी की ओरि से मतदाता जागरूकता संगोस्ठी अउर प्रस्नोत्तरी प्रतियोगिता क आयोजन कइल गइल। संगोस्ठी में वक्ता लोगि चन्दौली लोकसभा में एक जून के होखे वाला मतदान के सम्बन्ध में नौजवान मतदाता लोगिन के जागरूक कइ के अपने मताधिकार क प्रयोग करे बदे प्रेरित कइलें। महाविद्यालय क प्रबंधक अपने सम्बोधन में कहलें कि भारत क लोकतांत्रित व्यवस्था क ईहे खुबसूरती हौ कि देस क जनता के आपन सरकार चुनले क अधिकार हौ।

**********

अन्नदाता किसानन क मसीहा अउर पूर्व प्रधानमंत्री, ''भारत रत्न'' चौधरी चरण सिंह क पुण्यतिथि आजु प्रदेस भर में मनावल जा रहल हौ। येह मौका पर कई गो कार्यक्रम क आयोजन कइ के उन्हें सरधांजलि दीहल जा रहल हौ। येही क्रम में हापुड़ जिला के तहसीलि चौराहा स्थित चौधरी चरण सिंह के मुरती पर आजु राष्ट्रीय लोकदल क पदाधिकारी लोगि उन्हें यादि कइलें। रालोद क जिलाध्यक्ष रविंद्र चौधरी कहलें कि चौधरी चरण हमेसा किसान अउर मजूरन के बढ़ावे बदे कार कइले रहलें।

ओहर, अमरोहा में राष्ट्रीय लोकदल क कार्यकरता लोगि अतरासी मोड़ स्थित सहीद किसान स्मारक स्थल पर हवन कइलें अउर चौधरी चरण सिंह के मुरती पर माला चढ़वलें। एहसे पहिले आजु भिन्नहीं मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ अउर समाजवादी पारटी क अध्यक्ष अखिलेश यादव उन्हें सोसल मीडिया पर पोस्ट के जरिया से सरधांजलि दिहलें।

**********

प्रदेस भर में प्रचंड गरमी अउर लुह क कहर जारी हौ। मौसम विभाग के हिसाबि से अबहिन तीनि–चारि दिन ले एहसे राहति मिलले क फिलहाल आसार नइखे। येह बिच्चे पछिला चउबीस घंटा में प्रदेस में सबसे बेसी तापमान झांसी में ओन्चास डिगिरी सेल्सियस दरज कइल गइल। ओहीं, सबसे कम तापमान मुजफ्फरनगर में चउबीस दसमलव सात डिगिरी सेल्सियस रहल। येह जगहिनि के अलावा प्रयागराज में सैंतालीस दसमलव आठ, बनारस में सैंतालीस, सुल्तानपुर में सैंतालीस दसमल चारि, लखनऊ में तिरालिस अउर गोरखपुर में बेयालिस दसमलव चारि डिगिरी सेल्सियस तापमान दरज कइल गइल।

तेज गरमी अउर लुह के नाते लोगिन के घर से बहरे निकरल मोस्किल हो गइल हौ। कई जगहिनि पर बिजली कटउतियो से लोगि परसान रहलें। अस्पतालन में हीट स्ट्रोक क मरीज बढ़ि रहल हवें, अइसन में लोगिन के जरूरी कामे से घर से बहरे निकरें अउर पुरहर मात्रा में पानी पियले क सलाहि दीहल गइल हौ।

**********